

Politik Kredi ak Rekouvremman  
Tab Matyè yo

<b><u>Seksyon</u></b>	<b><u>Tit</u></b>
A.	Kolekte enfòmasyon sou Resous Finansye ak Kouvèti Asirans pasyan an.
B.	Pratik Faktirasyon ak Rekouvremman lopital yo
C.	Popilasyon ki egzante de Aktivite Rekouvremman yo
D.	Move Dèt Ijans
E.	Aksyon Rekouvremman Ekstraòdinè yo
F.	Ajans Rekouvremman Eksteryè yo
G.	Plan pou Depo ak Vèsman pa moso yo.

## **Politik Kredi ak Rekouvremman nan Lopital Mount Auburn (Mount Auburn Hospital)**

Lopital Mount Auburn (Mount Auburn Hospital), ke yo konnen sou non MAH, gen yon obligasyon fidisyè entèn pou mande ranbousman sèvis ke yo bay pasyan ki kapab peye yo, bò kote lòt asire responsab entèmedyè pou kouvri pri swen pasyan an koute, ansanm ak lòt pwogram èd pasyan an elijib pou yo. Pou detèmine si yon pasyan kapab peye pou sèvis yo ba li yo epi ede li jwenn lòt opsyon pou peye, si li pa asire oswa si asirans li pa sifazaman, lopital la ap respekte kritè swivan yo ki gen pou wè ak faktirasyon ansanm ak rekouvremman pasyan yo. Pou lopital la jwenn enfòmasyon finansye pèsonèl pasyan an ak pa fanmi li, lopital la konsève tout enfòmasyon sa yo jan lwa federal ak etatik ki aplikab nan sa ki gen ak wè ak konfidansyalite, sekirite ak lwa sou vòl idantite yo. MAH pa fè okenn diskriminasyon sou ras, koulè, orijin nasyonalite, sitwayènte, relijyon, kwayans, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, laj oswa andikap nan politik li yo oswa nan aplikasyon politik li yo ki konsène akizisyon ak verifikasyon enfòmasyon finansye depo avan admisyon oswa nan pre-trètman an, nan plan pèman, admisyon difere oswa refize, stati pasyan ki gen revni ki fèb yo jan sa detèmine nan Massachusetts Office of Medicaid, sètifikasyon ki pwouve yon pasyan gen revni ki fèb oswa nan pratik faktirasyon ak rekouvremman yo.

Politik Kredi ak Rekouvremman an ap aplike pou Mount Auburn Hospital (Lopital Mount Auburn), ak tout antite ki fè pati de lisans oswa nimewo idantite fiskal lopital la.

### **A. Kolekte Enfòmasyon sou Resous Finansye ak Kouvèti Asirans Pasyan an.**

- a) MAH pral travay ak pasyan pou enfòmasyon li sou obligasyon li genyen pou li bay enfòmasyon kle ki pi ba yo:

Avan prestasyon sèvis swen sante yo (eksepte sèvis ki bay pou stabilize eta yon pasyan ke nou remake ki gen pwoblèm medikal ijan oubyen ki bezwen sèvis swen an ijans), pasyan an gen poul bay enfòmasyon ki egzat nan yon tan itil sou stati asirans aktyèl li, enfòmasyon demografik, enfòmasyon sou modifikasyon revni familyal oswa kouvèti politik kolektif la (si posib), epi, si yo genyen yo, enfòmasyon sou franchiz oswa quotes-parts pwogram asirans oswa finansye aplikab yo mande yo. Enfòmasyon detaye pou chak eleman yo, san li pa limite, dwe genyen:

- i) Non konplè, adrès, nimewo telefòn, dat nesans, nimewo sekirite sosyal (si disponib), opsyon kouvèti aktyèl ki gen rapò ak asirans maladi, enfòmasyon sou peyi dorijin ak peyi rezidans lan, ansanm ak resous Finansye pasyan an ki ka itilize pou peye faktili
- ii) Si li aplikab, non konplè garan pasyan an, adrès li, nimewo telefòn li, dat nesans li, nimewo sekirite sosyal li (sil genyen), opsyon kouvèti aktyèl asirans maladi ak resous Finansye aplikab ki kapab itil pou peye fakti pasyan an.
- iii) Lòt resous ki kapab itilize pou peye fakti yo, sa ki anglobe lòt pwogram asirans, polis asirans otomobil oswa propriyete si trètman an se te pou yon aksidan, polis asirans pou

etidyan ak tout revni fanmi an, tankou eritaj, kado, oswa lòt distribisyon konfyans disponib.

MAH pral enfòmasyon pasyan an sou obligasyon li genyen pou kenbe yon prèv fakti ki poko peye lopital la, ak tout ko-pèman, ko-asirans, ak franchiz li yo, epi kontakte lopital la si yo bezwen èd pou yo peye yon pati oswa totalite fakti a. Lopital la pral gen pou li enfòmasyon pasyan an sou obligasyon li gen pou li enfòmasyon swa asirè sante aktyèl li a (si li gen youn), swa yon antite piblik ki detèmine stati elijiblite pasyan an nan yon pwogram piblik sou tout chanjman nan revni fanmi an oswa sou estati asirans lan. Lopital la ka ede pasyan an mete a jou elijiblite pou yon pwogram piblik lè gen chanjman nan revni fanmi an oswa stati asirans lan, a kondisyon ke pasyan an enfòmasyon lopital la sou chanjman ki genyen nan estati elijiblite li.

MAH pral travay ak pasyan an pou li asirel ke li konsyan de obligasyon li genyen pou li enfòmasyon lopital la ak pwogram aplikab kote li resevwa èd la (pa egzanp Mass Health, Connector, Health Safety Net, oswa Health Safety Net Medical Hardship) sou enfòmasyon ki gen rapò ak yon chanjman nan revni fanmi an oswa si yo fè pati yon demand asirans ki kapab kouvri pri sèvis lopital la bay la. Si gen yon lòt pati kèlkonk (tankou san toutfw limite a sa, asirans kay oswa otomobil) ki responsab pou kouvri pri swen yo nan ka se yon aksidan oswa yon lòt ensidan, pasyan an ap gen pou travay ak lopital la oswa pwogram aplikab la (tankou Mass Health, Connector, Health Safety Net ak lòt ankò) pou atribye dwa rekouvremant montan peye oswa montan ki poko peye pou sèvis sa yo.

MAH pral enfòmasyon pasyan an sou obligasyon li genyen pou li avèti biwo Health Safety Net oswa Mass Health lè li enplike nan yon aksidan oswa si li soufri yon maladi, yon blese oswa nenpòt lòt pèt defini ki ka debouche sou yon aksyon lajistis oswa nan yon reklamasyon. Nan ka sila yo, pasyan an dwe :

- i. Fè yon reklamasyon pou konpansasyon si disponib;
- ii. Aksepte pou li konfòmasyon li anba tout egzijan M.G.L.c.118E yo ki anglobe sa ki pral ekri piba yo, san poutan limite a sa yo sèlman:
  - a. Bay biwo Health Safety Net dwa pou li ramase yon montan egal a pèman Health Safety Net bay la a pati pwodwi tout reklamasyon oswa lòt pwosedi ki ale kont yon lòt pati;
  - b. Bay enfòmasyon sou reklamasyon oswa tout lòt pwosedi epi mete tèt ansanm ak biwo filè sekirite Health Safety Net Office la oswa mandatè li, amwens ke biwo filè sekirite a deside ke mete tèt ansanm nan pap nan enterè paysan an, oswa ap koze yon prejidi grav oswa yon defisyans emosyonèl pou pasyan an.

- c. Ekri Health Safety Net oswa Mass Health pou avize yo sa nan 10 jou aprè depo reklamasyon an, yon aksyon sivil oswa lòt pwosedi epi;
- d. Ranbouse filè sekirite a apati de lajan ke w jwenn de yon lòt pati pou tout sèvis elijib ki bay apati dat aksidan oswa ensidan an, aprè pasyan an finn tounen yon pasyan ak revni fèb nan objektif pèman filè sekirite sante a, a kondisyon se sèlman pèman filè sekirite a aprè aksidan an oswa lòt ensidan an kap ranbouse.

## b) Obligasyon Ospitalye:

MAH pral deplwaye tout jefò rezonab ak dilijans li pou li jwenn asirans pasyan an ak lòt enfòmasyon pou verifiye kouvèti swen sante lopital la bay la. Jefò sa yo kapab deplwaye nan enskripsyon inisyèl pasyan an nan yon lopital pou yon sèvis oubyen pandan yon lòt moman. Konsa tou, lopital la pral enfòmasyon pasyan an sou disponiblite opsyon kouvèti yo a pati yon pwogram asistans piblik oswa èd finansye, sa ki anglobe yon kouvèti a travè Mass Health, pwogram pèman asistans premium Health Connector jere a, pwogram sekirite pou timoun yo, Health Safety Net ak difikilte medikal ki lye anba filè pwoteksyon sante a, nan bòdwo faktirasyon yo voye pou pasyan an oswa bay garan li aprè prestasyon sèvis yo. Yon lòt kote, lopital la pral aplike sistèm verifikasyon finansye li yo, swa piblik, swa prive, pou li ka detèmine estati elijiblite pasyan ki gen kouvèti asirans piblik oswa prive. Lopital la pral tante kolekte enfòmasyon sila yo avan swen an bay, si li pa yon ijans. Nan ka yon ijans, lopital la ap fon ti retade pwosesis sila a.

Efò dilijans rezonab MAH yo ap anglobe, demann enfòmasyon sou estati asirans pasyan an ak verifikasyon tout baz done asirans piblik oswa prive ki disponib yo. MAH pral chèche pèman kèk lòt pati pou tout sèvis li kouvri yo epi ap konfòme li anba egzijans faktirasyon ak otorizasyon asirè a. MAH ap jete tout reklamasyon ki refize yo lè sèvis la peyab nan totalite oswa nan yon pati apati de yon konpayi asirans kèlkonk ki rekonèt kapab responsab pri swen pasyan an. MAH ap fè tout sa ki posib pou ede pasyan an fè apèl refi li yo oswa tout lòt jijman defavorab kote rejim asirans, pandan nou konnen rejim asirans yo souvan egzije pou apèl sa yo se pasyan an menm ki fè yo. Lè pasyan an enfòmasyon pèsonèl enskripsyon ki lopital la oswa nan admisyon an, li kolabore tou ansanm ak pasyan an yon fason pou asire ke enfòmasyon pèman yo kominike ak pwogram piblik apwopriye yo, tankou modifikasyon sou revni fanmi an oswa sou stati asirans la, ansanm ak tout pouswit oswa demann asirans ki ka kouvri pri sèvis lopital la bay la.

Si pasyan an oswa garan ou titè an paka bay enfòmasyon yo bezwen yo, epi pasyan an konsanti, lopital la ap deplwaye tout jefò li kapab pou kontakte pwòch li, zanmi li, moun ki responsab li oswa nenpòt lòt pati pou li jwenn enfòmasyon konplèmantè yo.

Jefò dilijans rezonab MAH yo vize pou pou ankete sou kesyon pou konnen si yon asirans responsabilite sivil oswa yon lòt resous ka responsab pri sèvis lopital la ap bay la san toutfwal limite li, detèminasyon pasyan an si gen yon politik aplikab pou kouvri pri reklamasyon yo: (1) politik responsablite pwopriyete machin oswa kay la, (2) politik jeneral pou pwoteksyon kont aksidan travay oswa blese kòporèl, (3) pwogram endamnizasyon pou travayè yo epi (4) politik asirans etidyan yo. Depi lopital la kapab idantifye yon moun responsab oswa resevwa yon pèman nan men kèlkonk lòt moun oswa lòt resous, lopital la pral siyale pèman an nan pwogram ki konsène a e li pral konpanse l si aplikab selon egzijans yo pwogram nan ak sa ki gen a wè ak tretman demann yo, kont tout demann pèman ki te peye pa yon lòt moun oubyen lòt resous. Pou pwogram asistans piblik leta a yo ki peye pri sèvis yo, lopital la pa garanti pou kanpe dwa pasyan an pou yon kouvèti sèvis yo atravè yon lòt moun. Nan ka sa yo, pasyan an dwe konsyan ke pwogram nasyonal aplikab la ka tante mande yon afektasyon sou pri sèvis yo bay pasyan an.

## **B. Pratik Faktirasyon ak Rekouvreman lopital yo**

MAH gen yon pwosesis inifòm, koyeran pou soumèt ak kolekte demann ki te soumèt bay pasyan yo, kèlkeswa kondisyon asirans yo. Espesyalman, si pasyan an gen yon balans aktyèl ki poko peye ki gen rapò ak sèvis yo ofri pasyan an epi ki pa kouvri anba yon kouvèti pwoteksyon piblik oswa prive, lopital la pral swiv pwosedi koleksyon rezonab sila yo ki gen ladan:

- a) Yon premye fakti yo voye pou pasyan an oswa pati ki responsab pou obligasyon finansye pèsònèl pasyan an; premye fakti an ap gen ladan enfòmasyon sou disponiblite èd finansye a (ki gen ladan, men pa limite a sa sèlman, MassHealth, pwogram pèman prim asistans ki opere anba Health Connector, Pwogram Sekirite Medikal pou timoun yo, Health Safety Net ak Health Safety Net Medical Hardship) pou kouvri pri fakti lopital la;
- b) Fakti ki vini yo, apèl telefonik, lèt relans, notifikasyon kontak pèsònèl, notifikasyon apati òdinatè, oswa nenpòt ki lòt metòd notifikasyon ki konstitye yon jefò otantik pou kontakte pati responsab pou peye fakti ki poko peye a, ki pral genyen ladan tout enfòmasyon sou fason pasyan an ka kontakte lopital la si li bezwen èd finansye;
- c) Si sa posib, dokimantasyon efò altènativ yo pou lokalize pati responsab obligasyon an oswa adrès kòrèk ki sou fakti sèvis lapòs yo revoye tankou "Adrès enkòrèk" oswa "Livrezon enposib"
- d) Yap voye yon avi final pa lapòs ki sètifye pou pasyan ki pa asire yo (sila ki pa enskri nan yon pwogram tankou Health Safety Net oswa MassHealth) ki gen yon balans kreyans ki pa ka rekouvri plis pase \$ 1,000 sou Sèvis Nivo Ijans sèlman, kote pyès notifikasyon pa retounen tankou "adrès enòrèk" oswa "Livrezon enposib" epi tou li enfòm pasyan an sou disponiblite èd finansye nan komunikasyon an;
- e) Dokimantasyon ki konsène aksyon faktirasyon ak rekouvreman ki te antreprann pandan 120 jou apati de dat sèvis la rete konsève epi yap metel nan dispozisyon pwogram federal ak/oswa Eta ki konsène a pou verifeye jefò sila yo.

- f) Koudèy sou sistèm verifikasyon elijiblite Massachusetts la (EVS) pou te ka asire ke pasyan an pa yon pasyan ki gen revni fèb epi ki pa soumèt yon demann kouvèti pou Mass Health ki se pwogram pèman prim Health Connector jenere, pwogram sekirite medikal timoun yo, Health Safety Net Medical Hardship, avan soumisyon reklamasyon yo nan biwo Health Safety Net la pou kouvri move kreyans yo.
- g) Pou tout pasyan ki enskri nan yon pwogram asistans piblik, MAH ap sèlman voye fakti pasyan sa yo pou ko-pèman espesifik, ko-asirans, oswa franchiz ki dekri nan règleman aplikab Leta yo, epi ki kapab endike sou sit Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid la.

MAH ap mande yon pèman espesifye pou pasyan ki pa kalifye pou enskripsyon nan yon pwogram asistans piblik Eta Massachusetts la, tankou rezidan ki pa nan Eta sa a, men ki ka satisfè ak kritè jeneral elijiblite finansye pou pwogram èd piblik Leta yo. Pou pasyan sa yo, MAH pral enfòmasyon pasyan an si resous konsa yo disponib an fonksyon de revni li ak lòt kritè, jan sa endike nan politik èd finansye lopital la.

Pasyan yo kapab elijib tou pou yon èd finansye nan MAH, jan sa konfòm ak politik èd finansye MAH yo.

### **C. Popilasyon ki egzante nan Aktivite Rekouvremant yo**

Kategori pasyan sa yo ekzante ak tout pwosedi rekouvremant ak faktirasyon selon jan règlemantasyon ak politik.

Leta mande a. Pasyan ki enskri nan yon pwogram asirans maladi piblik san yo pa limite MassHealth, Emergency Aid to the Elderly, Disabled and Children (EAEDC); Children's Medical Security Plan (CMSP), si revni MAGI an egal oswa pi piti pase 300 % FPL la; Pasyan ki gen revni fèb ke MassHealth et Health Safety Net detèmine, ak sa revni pou jere depans ak antretyen fanmi yo se MAGI osnon si revni fanmi an kontabilize Health Safety Net sitiye ant 150. 1 pou rive 300% FPL la. Difikilte medikal ki gen rapò ak Health Safety Net sou rezè nan esepsyon sa yo. Medical Safety Net Hardship, ap koube anba eksepsyon sa yo:

- a) MAH ka mande yon aksyon rekouvremant kont tout pasyan ki enskri nan pwogram ki mansyone pi wo yo pou pèman kolabore ak franchiz obligatwa ki defini selon chak pwogram espesifik.
- b) MAH ka faktire yon pasyan ki di li se yon patisipan nan yon pwogram èd finansye ki kouvri pri sèvis lopital yo, men ki pa bay prèv patisipasyon sa a. Aprè yo fin resevwa yon prèv satisfèzan ke yon pasyan patisipe nan yon pwogram èd finansye (sa ki anglobe resepsyon oswa verifikasyon yon demann ki siyen), MAH ap mete fen nan aktivite faktirasyon oswa rekouvremant yo;
- c) MAH ka pouswiv pwosedi rekouvremant pou tout pasyan ki gen yon revni ki fèb pou sèvis yo te bay avan detèminasyon pasyan ki gen fèb revni a, a kondisyon estati aktyèl pasyan ki gen revni fèb la te rezilye, ekspire oswa pa idantifye nan eta sistèm verifikasyon sou elijiblite oswa Sistèm Enfòmasyon Jesyon Medicaid. Pandan tan sa a, depi pasyan an li konsidere elijib epi li enskri nan pwogram Mass Health la, pwogram prim Health Connector jere a, plan sekirite medikal pou

timoun yo oswa Health Safety net, Health Safety Net Medical Hardship, MAH ap kanpe tout aktivite kòlèk sèvis (eksepte ko-pèman ak franchiz) yo bay avan yo te elijib la.

- d) MAH ka mande yon aksyon rekouvremant kont tout pasyan ki ap patisipe nan pwogram nou site pi wo yo pou sèvis ki pa kouvri ke pasyan an te aksepte pran responsablite a, sof si lopital la gen konsantman pasyan an ekri pou yo faktire li pou sèvis sa a. Men, menm nan sikonstans sa yo, MAH pa pral faktire pasyan an pou reklamasyon ki lye ansanm ak kèk erè medikal oswa reklamasyon ke asirè prensipal li a refize akòz erè administrativ oubyen faktirasyon.
- e) Sou demann pasyan an, MAH ka faktire yon pasyan ki gen revni fèb pou pèmèt li benefisye franchiz inik CommonHealth la, jan sa dekri nan dokiman 130 CMR 506.009.

#### **D. Move Dèt Ijans**

MAH pral soumèt reklamasyon pou Move Dèt Ijans yo jan sa defini nan 101 CMR 613.06 (2). MAH pa pral soumèt yon reklamasyon pou yon pòsyon franchiz oswa ko-asirans ke yon pasyan asire oubyen pasyan ki gen revni fèb responsab.

- a) Pou sèvis ospitalye yo — Konseye finansye MAH yo ap fè anpil jefò pou yo jwenn enfòmasyon finansye pou yo ka detèmine responsablite pèman pasyan an oswa garan an avan liberasyon oswa nan moman liberasyon pasyan an. Si pasyan an oubyen garan an pa kapab bay enfòmasyon nesèsè yo epi lopital la konsanti a sa, lopital la ap kontakte pwòch li, zanmi l, moun ki responsab li, oswa nenpòt lòt moun oubyen lòt pati apwopriye pou jwenn enfòmasyon konplèmantè yo.
- b) Nan sa ki konsène sèvis ijans ak konsiltasyon ekstèn yo, pèsonèl MAH a ki responsab anrejistremant an ap deplwaye tout jefò li pou li jwenn enfòmasyon finansye ki ap pèmèt yo detèmine responsablite pèman an bò kote pasyan an oswa garan an.

#### **E. Aksyon Rekouvremant Ekstraòdinè yo**

- a) MAH pap antreprann okenn “Aksyon ekstraòdinè nan zafè rekouvremant” tan ke l pa deplwayeefò nesèsè ak swivi yon egzamen rezonab sitiyoasyon Finansye pasyan an ak lòt enfòmasyon nesèsè pou detèmine elijiblite pou yon èd Finansye ki ap pèmèt yo detèmine si pasyan an gen dwa a yon endemnité Finansye oswa egzansyon tout aktivite rekouvremant, oswa faktirasyon nan fason politik kredi ak rekouvremant an. Chef finans lan gen pouvwa final la pou detèmine ke MAH te fè anpil jefò rezonab pou detèmine si yon patikilye elijib pou yon èd finansye konfòmman ak politik èd finansye a epi li ka angaje yon aksyon rekouvremant ekstraòdinè ki ale alankont li. MAH ap konsève tout dokimantasyon yo itilize nan detèminasyon sila a konfòmman ak politik konsèvasyon dosye aplikab lopital la.
- b) MAH pral aksepte epi pral trete yon demann èd finansye jan politik li a mande sa nan matyè èd finansye yon pasyan prezante pandan tout “Peryòd Demann lan”. Peryòd demann lan ap kòmanse nan dat swen yo te bay la epi li ap fini 240èm jou aprè dat sila a ki te gen premye relve faktirasyon pòs soti pou swen yo te bay yo anba rezèv egzijans siplemantè sa yo. Peryòd aplikasyon an pap fini avan 30 jou aprè ke lopital la bay pasyan preyavi 30 jou an ki dekri pi ba a. Nan ka yon pasyan prezime elijib pou



yon èd ki pa tèlman anpil an fonksyon politik èd finansye a, demann lan ap pran fen jis nan fen delè rezonab ki ap pèmèt li mande yon èd ki pi plis, jan sa ekri ak plis detay pi ba a.

c) Aksyon koleksyon ekstraòdinè yo gen ladan:

- i) Vann dèt yon pasyan bay yon lòt pati (eksepte si kondisyon espesyal ki etabli pi ba a yo ranpli);
- ii) Deklare bay ajans evalyasyon kredi oswa biwo kredi;
- iii) Ranvwaye, Refize oswa egzije pasyan an yon pèman avan prestasyon swen medikal nesèsè yo paske pasyan an pa peye youn oswa plizyè fakti pou swen li te resevwa deja ki kouvri nan kalite politik èd finansye lopital la (sa ki konsidere tankou yon aksyon rekouvremant ekstraòdinè pou swen li te resevwa fwa pase yo).
- iv) Aksyon ki mande yon pwosesis jiridik oswa jidisyè tankou:
  - (1) Mete yon privilèj sou pwopriyete pasyan an;
  - (2) Sezi byen imobilye;
  - (3) Sezi yon kont an bank oswa tout lòt byen pèsònèl;
  - (4) Angaje yon aksyon sivil kont pasyan an;
  - (5) Pwovoke arestasyon pasyan an;
  - (6) Fè yon fason pou pasyan an soumèt anba yon brèf atachman a kò a;
  - (7) Pran salè pasyan an.
- v) MAH ap trete vant dèt yon pasyan bay yon lòt pati tankou yon aksyon rekouvremant ekstraòdinè, amwens ke lopital la konkli yon akò ekri kontreyan ak achtè a nan vèti (i) li entèdi pou achtè a angaje aksyon rekouvremant ekstraòdinè pou jwenn pèman swen yo; (ii) li entèdi pou achtè a enpoze enterè sou dèt la a yon to ki pi wo a ke to sou pèman aplikab IRS la; (iii) lopital la kapab ranbouse dèt la lè li detèmine pasyan an elijib pou yon èd finansye; epi (iv) si li detèmine ke pasyan an elijib pou yon èd finansye epi ke lopital la pa ranbouse dèt la, achtè a gen obligasyon pou li respekte pwosedi yo ki garanti ke pasyan an pap peye li plis pase sa li ye pèsònèlman an jan politik èd finansye a mandel.
- vi) Aksyon rekouvremant ekstraòdinè yo anglobe aksyon ki antreprann pou jwenn pèman swen kont tout lòt pasyan ki aksepte responsablite fakt ospitalizasyon pasyan an pou swen.

d) MAH ap evite tout aksyon rekouvremant ekstrawòdinè kont yon pasyan pandan yon peryòd omwen 120 jou apati dat lopital la te bay premye relve faktirasyon pòs-sòti pou swen yo; sof ke gen kèk egzijans byen presi ki aplike pou repòte oswa refize swen ki medikalman nesèsè pou koz pèman ki pa fèt jan sa dekri pi ba a.



e) Anplis li pap angajel nan aksyon rekouvremant ekstraòdinè pou peryòd 120 jou yo dekri pi wo a, MAH pa pral angaje nonplis nan aksyon rekouvremant ekstraòdinè pandan omwen 30 jou aprè li fin enfòmasyon pasyan an sou politik èd finansye nan ka sa yo:

Lopital la ap: (i) Bay pasyan an yon avi ekri ki endike gen yon èd finansye ki disponib pou pasyan elijib yo, ki ap endike mezi rekouvremant ekstraòdinè lopital la (oswa yon lòt pati otorize) gen entansyon pran pou jwenn pèman swen yo epi ki bay yon delè apre sa a aksyon rekouvremant ekstraòdinè yo ka inisye 30 jou pou pi bonè aprè dat avi a te bay la. (ii) Bay pasyan an yon rezime nan yon langaj klè politik èd finansye a. (iii) Fè jefò rezonab pou enfòmasyon pasyan an sou politik èd finansye a ak fason li ka jwenn èd pou pwosesis kandidati pou politik èd finansye a; sof ke gen yon seri egzijans presi ki ap aplike pou repòte oswa refize swen medikal nesèsè ki dekri pi ba a.

f) MAH ap ranpli kondisyon espesyal sa yo nan ka kote li ranvwaye oswa refize swen pou koz non pèman pou swen elijib pou yon èd finansye. Lopital la ka bay yon preyavi ki pi piti pase 30 jou jan sa dekri pi wo a si li bay pasyan an yon fòmilè demann èd finansye ak yon avi ekri ki endike ke èd finansye a disponib pou pasyan elijib yo. Avi ekri an ap endike yon delè, depi li depase lopital la pa pral aksepte ni pa pral trete demann èd finansye ankò, ki pap ni avan fen peryòd demann lan, osnon 30 jou aprè dat yo te bay avi ekri a pou premye fwa a. Depi pasyan an soumèt yon demann avan dat limit la, lopital la ap trete demann li anrapid rapid.

g) Depi yon pasyan soumèt yon demann èd finansye konplè oswa enkonplè nan kad politik èd finansye lopital la pandan peryòd demann lan, MAH ap sispann tout aksyon rekouvremant ekstraòdinè pou jwenn pèman swen yo. Nan ka sa a, lopital la pap ni angaje ni pap pran okenn mezi siplemantè ki gen rapò ak aksyon rekouvremant ekstraòdinè ki deja angaje toutotan: (i) Lopital la pa detèmine si pasyan an elijib pou yon èd finansye depandaman de politik èd finansye oswa (ii) Nan ka sa : Nan ka yon demann èd finansye enkonplè, pasyan an pa reponn nan delè demann enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon siplemantè nan yon delè rezonab. MAH ap pran tou lòt mezi siplemantè selon si demann lan konplè oswa enkonplè jan li mansyone pi ba a.

h) Si yon pasyan ta prezante yon demann èd finansye pandan peryòd demann lan, MAH pral detèmine si pasyan an elijib pou yon èd finansye. Si lopital la detèmine pasyan an elijib pou yon lòt asistans ki pa swen gratis, lap (i) ba li yon relve faktirasyon ki endike montan pasyan an dwe pou swen nan kad pasyan elijib pou yon èd finansye epi endike: kòmman pasyan an ka jwenn enfòmasyon ki konsène montan yo faktire jeneralman pou swen yo, (ii) pran tout mezi rezonab pou anile tout aksyon rekouvremant ekstraòdinè (esepte vant dèt ak ranvwa oswa refi, oswa egzijans yon pèman avan pou bay swen medikalman nesèsè pou rezon pasyan an pa peye fakti anteryè yo pou swen li te jwenn kote pasyan an te elijib pou yon èd finansye) yo pran san li pa dakò pou jwenn pèman swen. Mezi rezonab pou anile aksyon rekouvremant ekstraòdinè sa yo ap

anglobe yon seri mezi pou anile tout jijman, leve tout taks oswa privilèj epi retire nan rapò pasyan an tout enfòmasyon defavorab yo te rapòte yon ajans ransèyman sou konsomatè a oswa yon ajans evalyasyon kredi a.

i) Nan ka pasyan an ta soumèt yon demann èd enkonplè pandan peryòd demann lan, lopital la ap ba li yon avi ekri ki ap dekri enfòmasyon ak/oswa dokiman siplemantè li manke yo selon politik èd finansye a ak tout kontak yo.

j) MAH ka detèmine ak prezonpsyon ke yon pasyan elijib pou yon èd finansye depandaman de politik asistans finansye a sou baz lòt enfòmasyon kontrèman a sa pasyan an te bay yo oswa sou baz yon detèminasyon preyalab elijiblite a. Nan ka kote pasyan an detèmine pou li elijib pou yon asistans nan kad politik èd finansye ki pa bay tout avantaj yo, lopital la ap: (i) enfòmasyon pasyan an sou fondman detèminasyon prezonptif pou elijiblite li a ak fason pou li mande yon èd kap pi bon pou li ki disponib nan kad politik èd finansye a; (ii) bay pasyan an yon delè rezonab pou mande Yon lòt asistans ki ap pi bon pou li avan li pran mezi rekouvremant estanda pou jwenn montan ki dwe aktyèlman; epi (iii) si pasyan an prezante yon demann ki konplè ki ap solisite yon èd Finansye ki miyò pase sal te genyen an pandan peryòd demann lan, pou li detèmine si pasyan an elijib pou yon pi gwo rabè.

k) MAH pa pral sezi salè yon pasyan ki gen revni fèb oswa pa garan li a, ni pa pral kreye privilèj sou rezidans pèsònèl oswa machin li, sof si: (i) lopital la ka montre pasyan an oswa garan an ke li kapab peye, (ii) pasyan an/garan an pa reponn ak demann enfòmasyon lopital yo, oswa refize jwenn yon antant ak lopital la pou chèche yon pwogram èd finansye ki disponib, epi (iii) pou bezwen privilèj la, sa a te apwouve gras ak konsèy administratif lopital la ka apre ka.

l) MAH ak ajan li yo pa dwe pouswiv jefò rekouvremant oswa faktirasyon ki lye a yon pasyan ki se manm yon pwosedi fayit sof poul pwoteje dwa li tankou kreyansye nan yon lòd apwopriye (pwogram èd piblik aplikab ki peye pou sèvis pasyan an ka antreprann aksyon nan menm kategori sa a). Lopital la ak ajan li yo pap faktire plis enterè sou balans yon pasyan ki gen revni fèb ki poko peye oswa pasyan ki reponn ak kritè kouvèti pwogram èd finansye entèn lopital la.

m) MAH ap kenbe konfòmite egzijans faktirasyon aplikab yo epi ap swiv egzijans etatik ak federal aplikab yo konsènan non pèman sèvis espesifik ki sòti oubyen ki dirèkteman lye a yon evènman grav pou sinyale (SRE), nan koreksyon (SRE), nan yon konplikasyon ilterye, oswa yon reyadmisyon nan menm lopital la pou sèvis ki asosye a (SRE). SRE ki pa pwodwi lopital la pa fè pati detèminasyon non pèman tankou etablisman tretman ansanm ak etablisman responsab SRE a pa gen propriyete an komen, ni manman sosyete an komen. Anplis de sa a, lopital la pa

mande pasyan ki gen revni fèb yo pèman pa entèmedyè pwogram Health Safety Net la, kote demann règleman yo te refize premyèman pa yon pwogram asirans akòz de yon erè faktirasyon administratif lopital la komèt.

#### **F. Ajans Rekouvremant Eksteryè yo**

MAH ka pase kontra ak kèk ajans rekouvremant ekstèn pou ede rekouvremant kèk kont, sa ki anglobe montan pasyan an pa peye epi ki pa regle aprè 120 jou rekouvremant swivi swivi. Lopital la ka konkli kèk kontra ak kèk ajans rekouvremant ekstèn. Tout kontra nan kategori sila a ki pèmèt vann yon dèt ki pa tretetankou yon aksyon rekouvremant ekstraòdinè pral reponn ak egzijans ki ekri pi wo yo. Nan tout lòt ka, si lopital la vann oswa transfere dèt pasyan an bay yon lòt pati, akò anvan ak lòt pati an ap konsevwa yon fason rezonab pou garanti ke okenn aksyon rekouvremant ekstraòdinè paka fèt jiskaske yo deplwaye efò rezonab pou detèmine elijiblite pasyan an pou yon èd finansye, tankou: (i) si yon pasyan prezante yon demann avan fen peryòd demann lan, pati an ap sispann aksyon ekstraòdinè li yo nan matyè rekouvremant; (ii) si pasyan an prezante yon demann èd finansye avan fen peryòd demann lan epi li detèmine li admisib pou èd finansye a, pati an ap konfòmèl a pwosedi ki pèmèt yo asire ke pasyan an pa peye lòt pati a epi lopital la konjwèntman ap asirel ke pasyan an gen pou li peye selon politik èd finansye epi anile tout aksyon rekouvremant ekstraòdinè; epi (iii) si pati a sede oswa vann dèt la bay yon lòt pati, lap jwenn yon akò ekri ki ap satisfè tout egzijans ki mansyone pi wo yo. Tout ajans rekouvremant ekstèn lopital la anboche ap bay pasyan an okazyon pou li depoze yon griyèf epi ap transmèt li rezilta yo. Lopital la egzije tout ajans rekouvremant ekstèn li itilize yo konfòmè yo anba egzijans federal ak nasyonal nan sa ki gen pou wè ak rekouvremant ekitab kreyans yo.

#### **G. Plan pou Depo ak Vèsman pa moso yo.**

Daprè règlemantasyon Massachussets yo ki gen rapò sekirite ak filè sekirite a konsènan pasyan yo: (1) jije “pasyan ki gen yon revni ki fèb” oswa (2) elijib a tit “prekosyon medikal”, MAH pral bay pasyan an enfòmasyon sou depo ak plan pèman ki baze sou sitiyasyon finansye dokimante pasyan a. Tout lòt plan ap baze sou pwogram èd finansye entèn lopital la epi yo pap aplike pou pasyan ki gen kapasite pou peye yo.

##### **a) Sèvis Ijans**

MAH pa pral egzije depo pou pre-admisyon oswa pretrètman de pasyan yo ki bezwen sèvis ijans oswa ki konsidere tankou pasyan ki gen yon revni ki fèb.

##### **b) Depo Pasyan ki gen revni fèb yo**

MAH ka mande pasyan ki konsidere tankou pasyan ki gen revni ki fèb yo yon depo. Depo sa yo ap limite jiska 20% montan franchiz la, jiska yon konkirans de 500\$. Tout balans ki rete ap soumèt anba kondisyon plan pèman an ki etabli nan 101 CMR 613.08 (1) (g).

##### **c) Depo pou Pasyan ki nan Health Safety Net Patients ki gen difikilte medikal**

MAH ka mande pasyan ki elijib pou pwogram Health Safety Net Patients ki gen difikilte medikal yo yon depo. Depo sila yo ap limite a 20% kontribisyon Health Safety Net Medical Hardshipa

pou rive jiska 1000 dola. Tout balans ki rete ap soumèt anba kondisyon pèman an ki etabli nan 101 CMR 613.08 (1) (g)

- d) Plan pèman pou pasyan ki gen revni fèb yo nan kad pwogram Health Safety Net Massachusetts la

Yon pasyan ki gen yon balans ki pi piti oswa egal a 1000 dola, aprè depo inisyal la ap wè yo pwopozel omwen yon plan pèman 1 lane, san enterè, avèk yon vèsman minimal chak mwa ki pa depase 25 dola. Yon pasyan ki gen yon balans ki pi gwo pase 1000 dola, aprè depo inisyal la ap wè yo pwopozel yon plan pèman san enterè pou omwen 2 lane.

- e) Plan pèman pou pasyan ki gen revni pasyèl fèb HSN konfòmeman a pwogram Health Safety Net Massachusetts la pou sèvis yo bay nan yon Sant sante agreye pa yon lopital.

Tout pasyan filè sekirite sante pasyèl yo ki gen yon revni fèb dwe peye 100% responsablite yo jiskaske li rive nan totalite franchiz la.